

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan iranyòm natirèl ak iranyòm pòv. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

REZIME: Iranyòm natirèl se yon sibstans chimik ki egziste nan lanati epi radyo-aktif yon fason modere. Iranyòm pòv se yon melanj izotòp iranyòm natirèl ajiste ki mwen radyo-aktif. Tout moun ekspoze nan fèb kantite iranyòm nan manje, dlo, ak lè. Si yon moun ekspoze nan nivo iranyòm natirèl ki wo oswa nan nivo iranyòm pòv ki wo sa kapab lakòz li gen maladi ren. Yo te jwenn iranyòm nan omwen 67 sou 1,699 chantye nan Lis ki Gen Priyorite Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.

Kisa iranyòm ye?

Iranyòm se yon eleman radyo-aktif ki egziste nan lanati. Li prezan nòmalman nan prèske tout wòch, sòl ak lè; li kapab re-distribye nan anviwònman an akòz van ak ewozyon dlo; epitou li kapab degaje nan anviwònman an akòz eripsyon vòlkan yo. Iranyòm natirèl se yon melanj twa (3) izotòp: ²³⁴U, ²³⁵U, ak ²³⁸U. Izotòp ki pi komen an se ²³⁸U; li fòme plis pase 99% iranyòm natirèl. Touletwa izotòp yo konpòte yo menm jan sou plan chimik, men yo gen pwopriyete radyo-aktif ki diferan. Mwatye-vi izotòp iranyòm (kantite tan ki nesèsè pou mwatye izotòp la degaje radyasyon li epi chanje an yon eleman diferan an) long anpil. Izotòp ki mwen radyo-aktif la se ²³⁸U avèk yon mwatye-vi 4.5 milya ane. Iranyòm pòv se yon melanj menm twa (3) izotòp iranyòm yo, men li gen ²³⁴U ak ²³⁵U ki pi piti anpil. Li mwen radyo-aktif pase iranyòm natirèl la. Iranyòm rich se yon lòt melanj izotòp ki gen plis ²³⁴U ak ²³⁵U pase iranyòm natirèl la. Iranyòm rich pi radyo-aktif pase iranyòm natirèl la.

Iranyòm prèske di menm jan ak asye epi li pi dans pase plon. Yo itilize iranyòm natirèl pou fè iranyòm rich; iranyòm pòv se pwodui ki rete a. Yo itilize iranyòm rich pou fè konbistib pou izin enèji nikleyè. Yo itilize iranyòm pòv kòm yon pwa pou ekilibre yon lòt pwa nan wotò elikoptè ak sifas kontwòl avyon, kòm yon pwoteksyon pou pwoteje kont radyasyon iyonik, kòm yon eleman minisyon pou ede yo antre nan veyikil blende lenmi, epitou kòm blende nan kèk pyès veyikil fòs lame.

Kisa k ap pase iranyòm lè li antre nan anviwònman an?

- Iranyòm rich ak iranyòm pòv ki egziste sou fòm pousyè nan lè a anpile nan dlo, tè ak plant. Iranyòm ki depoze nan tè kapab melanje ankò nan tè, lave nan dlo sifas, oswa kole nan rasin plant yo. Iranyòm ki nan lè, dlo sifas, oswa dlo anba tè kapab deplase sou gwo distans.

Kijan mwen ta ka ekspoze nan iranyòm?

- Manje ak dlo pou bwè se sous prensipal konsomasyon pou piblik jeneral la. Yo jwenn nivo iranyòm ki ba anpil nan lè a.
- Danre ki donnen nan rasin yo tankou pòm detè, kawòt sovaj, navè ak patat lakòz gwo kantite iranyòm nan manje. Paske iranyòm ki nan tè kapab kole nan legim sa yo, konsantrasyon ki nan manje sa yo gen pou wè dirèkteman avèk konsantrasyon iranyòm ki nan tè kote manje yo grandi.
- Nan pifò zòn Etazini, yo jwenn nivo fèb iranyòm nan dlo pou bwè. Yo jwenn nivo siperyè yo nan zòn ki gen nivo wo iranyòm ki egziste nòmalman nan wòch yo ak tè a.
- Moun ka ekspoze nan nivo siperyè iranyòm si yo viv toupre ekspwatasyon iranyòm, bilding tretman, ak bilding manifakti. Moun ka ekspoze tou si yo viv toupre zòn kote yo itilize zam ki fèt avèk iranyòm pòv.

Kijan iranyòm kapab antre ak soti nan kò mwen?

Pifò iranyòm ou respire oswa konsome pa absòbe epi li kite kò a nan pou pou. Iranyòm ki absòbe a depoze tout kote nan kò a. Yo jwenn novo ki pi wo yo nan zo, fwa, ak ren; yo jwenn 66% iranyòm ki nan kò a nan zo ou. Li kapab rete nan zo yo pandan anpil tan; mwatye-vi iranyòm nan zo yo se 70-200 jou. Pifò iranyòm ki pa nan zo yo soti nan kò a nan pipi nan 1-2 semèn.

Kijan iranyòm kapab afekte sante mwen?

Iranyòm natirèl ak iranyòm pòv gen efè chimik idantik nan kò ou. Yo te obsève domaj nan ren sou moun ak bèt apre yo rale oswa konsome konpoze iranyòm. Men, yo pa t jwenn domaj nan ren anpil fwa sou sòlda ki te gen fragman metal iranyòm nan kò yo pandan anpil ane. Si yon moun konsome konpoze

Iranyòm Natirèl ak Iranyòm Pòv

CAS # 7440-61-1

iranyòm ki ka fonn nan dlo ap lakòz efè sou ren nan dòz ki pi ba pase apre lè yon moun ekspoze nan konpoze iranyòm ki pa ka fonn.

Etid yo fè sou bèt montre lè bèt yo ekspoze nan kote pou yo rale konpoze iranyòm ki ka fonn sa kapab lakòz domaj nan poumon yo. Sou mal rat ak sourit yo, lè yo ekspoze nan iranyòm sa montre fètilité yo diminye. Konpoze iranyòm sou po a te lakòz iritasyon ak domaj modere sou po sou bèt yo.

Iranyòm natirèl ak iranyòm pòv gen efè sou sante akòz efè chimik yo pa akòz radyasyon.

Kijan iranyòm kapab lakòz kansè?

Ni Pwogram Nasyonal Toksikoloji [National Toxicology Program (NTP)], Ajans Entènasyonal pou Rechèch sou Kansè [International Agency for Research on Cancer (IARC)] ni EPA pa klase iranyòm natirèl oswa iranyòm pòv anrapò ak pwopriyete li pou lakòz kansè sou moun.

Kijan iranyòm kapab afekte timoun?

Yo prevwa efè sou sant yo obsève sou timoun lè yo ekspoze nan nivo toksik iranyòm ap menm avèk efè yo obsève sou adilt yo.

Lè bèt yo ekspoze nan nivo wo iranyòm pandan yo plenn, ki te lakòz toksisite nan manman yo, lakòz jèn bèt yo mouri bonè epi yo gen malfòmasyon lè yo fèt. Nou pa byen konnen si sa kapab rive lè pa gen efè sou manman an. Nou pa konnen si iranyòm kapab lakòz malfòmasyon sou moun lè yo fèt. Gen kèk etid yo fè ki sijere lè moun ekspoze nan iranyòm pòv sa te ogmante kantite fwa gen malfòmasyon lè yo fèt, men etid yo pa di anyen pou fasilite konklizyon valab.

Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan iranyòm?

- Pa manje legim ki donnen nan rasin yo plante nan tè avèk nivo wo iranyòm. Anvizaje lave fwi ak legim ki grandi nan tè a epi jete pòsyon deyò legim ki donnen nan rasin yo.
- Anvizaje fè teste dlo a si ou sispèk dlo pou bwè ta ka gen nivo wo iranyòm; si li gen nivo wo ladan, anvizaje bwè dlo nan boutèy.

Èske gen yon tè medikal pou detèmine si mwen te ekspoze nan iranyòm?

Gen iranyòm natirèl nan rejim alimantè nòmal ou, poutèt sa a ap toujou gen yon nivo iranyòm nan tout pati kò ou. Si gen iranyòm pòv, li ajoute sou nivo total iranyòm nan. Yo kapab mezire iranyòm nan san, pipi, cheve, ak tisi kò a. Pifò tè yo fèt pou iranyòm total; men, tè ki chè yo disponib pou estime kantite iranyòm natirèl ak iranyòm pòv ki prezan.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

Gouvènman an fè rekòmandasyon pou iranyòm ki aplike pou iranyòm natirèl ak iranyòm pòv anmenmtan.

EPA te fikse yon nivo maksimòm kontaminan dlo pou bwè ki se 0.03 mg/L.

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Administration (OSHA)] limite nivo travayè yo ekspoze nan lè a yon mwayèn 0.05 mg U/m³ pou iranyòm ki ka fonn ak 0.25 mg U/m³ pou iranyòm ki p ap fonn pou yon jounen travay 8 èdtan.

Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay [National Institute for Occupational Safety and Health (NIOSH)] rekòmande pou travayè yo ekspoze sèlman nan nivo 0.05 mg U/m³ lè pou iranyòm ki ka fonn ak 0.2 mg U/m³ pou iranyòm ki p ap fonn anmwayèn pou yon jounen travay 10 èdtan, epitou yo rekòmande pou travayè yo ekspoze nan iranyòm ki ka fonn nan nivo ki p ap depase 0.6 mg U/m³ pandan plis pase 15 minit.

Komisyon Kontwòl Nikleyè [Nuclear Regulatory Commission (NRC)] fikse limit konsantrasyon nan lè a pou iranyòm ak izotòp endividyèl li yo ki aplike pou moun ki ekspoze nan espas travay yo ak pou degajman nan enstalasyon yo.

Referans

This ToxFAQs™ information is taken from the 1997 Toxicological Profile for Trichloroethylene (update) produced by the Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Public Health Service, U.S. Department of Health and Human Services, Public Health Service in Atlanta, GA.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.